

Konsèy pou manje pwason ak zwazo ki viv bò dlo nan zòn rivyè Housatonic nan Massachusetts



PA manje: Pwason, krapo ak tòti ki nan flèv Housatonic lan ak flèv ki konekte avè l yo, ki sòti depi nan baraj Center Pond Dalton nan pou rive jis nan fwontyè Connecticut la.


PA manje: Kana kòlvèt ak kana branchi ki soti nan rivyè Housatonic lan ak rezèvwa li yo, soti nan Pittsfield nan sid rive nan Rising Pond nan Great Barrington nan.

Enfòmasyon sou zòn Rivyè Housatonic la

Rejyon rivyè Housatonic la gen ladan l uit minisipalite nan konte Berkshire la: Lanesborough, Dalton, Pittsfield, Lenox, Stockbridge, Lee, Great Barrington, ak Sheffield. Gen twa branch prensipal nan rivyè Housatonic lan—branch lès, branch lwès ak branch sidwès— ki rankontre pou fòme kò prensipal rivyè Housatonic lan. Rivyè Housatonic lan koule nan direksyon sid soti nan Pittsfield rive nan Connecticut.

Akoz pwodui chimik General Electric Company jete nan kòmansamn ane 1930 yo ak fen ane 1970 yo, gen Biphényles polychlorés (PCB) ki prezan nan tè yo, sediman, pwason ak kèz zwazo ki viv bò dlo nan rejyon rivyè Housatonic la ak ozalantou l yo. PCB pa dekonpoze fasil nan anviwonman an.

Menm si yo te netwaye kèk pòsyon nan rejyon rivyè Housatonic lan, yo ka jwenn PCB nan pwason yo ak zwazo ki viv bò dlo yo nan nivo ki ka deranje si yo manje yo. Pou plis enfòmasyon sou netwayaj Rivyè Housatonic la, vizite [Netwayaj EPA yo: Sit GE-Pittsfield/Housatonic River](#).




Enpak PCB sou sante

- Yo sispèk PCB yo bay pwoblèm nan fwa, blese oswa iritasyon sou po, ak kèk kalite kansè
- Timoun yo sansib yon fason ki espesyal ak PCB yo, an patikilye pandan fetis la ap devlope, alètman ak premye ane kwasans lan. Ekspozisyon a yon ti kal nan pwodui chimik sa yo ka deranje devlopman sèvo a, menm avan timoun nan fèt.

Pwason ak zwazo ki viv bò dlo yo nan rivyè Housatonic la

Pwason ak zwazo ki viv bò dlo yo nan rejyon an ka ekspoze ak PCB yo. PCB se yon gwoup pwodui chimik òganik sentetik ki te entèdi nan ane 1970 yo. Nou ka jwenn PCB yo nan anvwonman nou an ankò epi yo ka nan manje nou yo akoz yo itilize yo toupatou. PCB yo ka antre nan kò pwason yo epi konsantre yo nan po yo, grès yo, ògan entèn yo ak pafwa nan misk yo. Pi gwo espès yo manje espès ki pi piti yo. Sa lakoz gen plis konsantrasyon PCB nan pwason ki pi gwo epi ki pi gran yo. PCB ki nan sediman yo reprezante yon enkyetid tou pou lòt espès akwatik yo (pa egzanp kana, krapo, tòti).

Kòmman plant ak bèt fè ekspoze ak kontaminan yo



Imaj adapte soti nan Ajans Pwoteksyon Anviwonmantal lan Evalyasyon Risk nan Rivyè Housatonic lan, Fich Enfòmasyon:

[Fich enfòmasyon sou Evalyasyon Risk Ekolojik \(ERA\) pou Rivyè GE/Housatonic. Rèv Rivyè a | savethehousatonic.org](https://www.savethehousatonic.org)



Biwo Klima ak Sante Anviwònman
Divizyon Toksikoloji Anviwònman, Evalyasyon Danje ak Prevansyon
Depatman Sante Piblik Nan Massachusetts

Aprann plis nan
[Konsèy pou konsomasyon](https://www.mass.gov)
[pwason \(Mass.gov\)](https://www.mass.gov)

Konsèy pou peche nan rivyè Housatonic yo ak rivyè ki konekte avè l yo

- Gade pano avètisman yo afiche yo epi suiv konsèy yo
- Pa manje pwason ki soti nan rivyè Housatonic la ak rivyè ki konekte avè l yo
- Lè lapèch la, lage pwason yo nan rivyè a san w pa fè yo mal
- Suiv rekòmandasyon yo ak konsomasyon pwason leta a pou lòt lak, rivyè ak etan nan rejyon rivyè Housatonic la, nan Massachusetts. Konsèy konsomasyon ki pi espesyal disponib pou kèk plan dlo yo teste sou sit [Konsèy pou konsomasyon pwason](#).



Konsèy jeneral leta sou konsomasyon pwason yo peche nan Massachusetts

Yo konseye rekòmandasyon sa yo pou fanm ansent yo, fanm ki ka vin ansent, manman k ap bay tete ak timoun ki gen mwens pase 12 lane:


- **PA manje:** Pwason dlo dous yo peche nan ti kouran dlo, rivyè, lak ak etan ki nan Massachusetts
- **Li Bon pou manje:** Pwason ki nan ti kouran dlo yo, rivyè, lak ak etan ki nan Massachusetts



Konsèy jeneral leta sou konsomasyon zwazo k ap viv bò dlo yo yo peche nan Massachusetts

Direktif ki sekirize pou konsomasyon zwazo k ap viv bò dlo ki soti nan lòt zòn ki pa rivyè Housatonic la:

- Retire po a epi retire tout grès yo avan w kuit yo
- Jete fas la lè l fin kuit
- Ou pa dwe itilize rès ma a pou w fè sòs
- Manje vyann zwazo sovaj ki viv nan dlo yo nan yon nivo ki limite (pa plis pase 2 pla chak mwa)



Pwason bon pou ou! - Kontinye manje yon varyete pwason ki soti nan sous ki an sekirite. Pwason an pa gen anpil grès satire, li gen anpil pwoteyin epi ede w prevni maladi kadyak.

Pou plis enfòmasyon

- Pou w chwazi pwason ak zwazo k ap viv bò dlo ki bon pou manje yo, tanpri kontakte Biwo sante anviwonman MDPH la nan 617-624-5757 oswa 800-240-4266: [Oficina de Clima y Salud Ambiental](#)
- Pou w konn plis sou pwason ki anpwazone yo, tanpri kontakte biwo MassWildlife distri lwès la, nan Dalton. Tel: (413) 684-1646 oswa vizite [Rapò sou envasman trout Massachusetts la pou kote envasman aktyèl yo ak dènye enfòmasyon yo](#). Pou règleman lapèch yo [División de Pesca y Vida Silvestre](#).
- Pou w konn plis sou rekòmandasyon siplemantè gouvènman federal la konsènan konsomasyon san danje pwason yo, tanpri vizite FDA [Konsèy sou manje pwason](#) ak EPA [Chwazi pwason ak kristase avèk sajes](#)



Biwo Klima ak Sante Anviwònman
Divizyon Toksikoloji Anviwònman, Evalyasyon Danje ak Prevansyon
Depatman Sante Piblik Nan Massachusetts

Aprann plis nan
[Konsèy pou konsomasyon
pwason \(Mass.gov\)](#)

Septanm 2019